


## ЦУППАРИНСÆЙ АНЗЕЙ РАЗМÆ РАЙДÆДТА УСТУР ФИДИБÆСТОН ТУГЪД

***Райгурæн бæстæ немуцаг-фашистон гадзирахаттæй æрбалæборгутæй багъæуай кæнуни тохмæ Мæздæги районни Киевскийи гъæусовети цæргутæ рандæ 'нцæ дзиллонæй. Еци тугъдонтæй сæ фидиуæзæгбæл нæбал исæмбалдæнцæ 126 адæймаги, сæ цард иснивонд кодтонцæ Фидибæсти сæрбæлтау. Уони рохс нæмттæ æностæмæ исцитгин кæнуни туххæй син се 'мзæнхонтæ сæ райгурæн гъæуи ниввардтонцæ, мæнæ къари ке уинетæ, еци еумæйаг номерæн цуртдзæвæн.***

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

0+

№13 (794) 2021 анзи 15 апърел – хумидайæни мæйæ

Аргъ 1 туман



## УÆРÆСЕЙ ФЕДЕРАЦИЙ ПРЕЗИДЕНТИ

# УКАЗ

### РЕСПУБЛИКÆ ЦÆГАТ ИРИСТОН-АЛАНИЙ СÆРГЪЛÆУУÆГИ ÆНХÆСТБАРТÆ РАГАЦАУ ÆРУОРАМУНИ ТУХХÆЙ

Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæг Битарти Вячеслав е 'нхæстбартæ рагацау æрæвæруни туххæй курдиадæ ке балæвардта, уомæ гæсгæ, «Уæрæсей Федераций субъектти паддзахадон хецаудзийнади закъонæвæруйнадон (минæварадон) æма æнхæстгæнæг оргæнти организаций сæйраг уагæвæрдти туххæй» 1999 анзи 6 октябри федаргонд 184 федералон закъони 19 статьяй 1 пункти «в» дæлхай æма 9 пункти «а» дæлхаййи бундорбæл унаффæ хæссун:

1. **Битарти Вячеслав Зелимхани фурт** æхе фæндонмæ гæсгæ уæгъдæгонд æрцæуæд Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæуæги бунатæй.

2. **Меняйло Сергей Ивани фурт** нисангонд æрцæуæд Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæуæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæгæй, æ раздæри кусти бунатæй æй исуæгъдæ кæнгæй.

3. Аци Указ æ тухи цæуй къох бафинсуни бонæй фæстæмæ.

***Мæску.***
***2021 анзи, 9 апърел.***



# «ЗÆНХÆБÆЛ ДÆМÆ ЕУ ЦАРДИ БАРÆ ХАУЙ, ÆМА УО РОХС ФÆНДИТÆ ХÆССÆГ!..»



Дзаболати Хазби кæддæр е 'мдзæвгитæй еуеми уотæ багъенцъун кодта: «Нæ райхъуысдзæни къухæмдзæгъд мæ кадæн…» Æнæуой æ поэзий алли дзурд æма гъуди дæр рæстиуагæй дессаги æууæнккаг кæд адтæнцæ, уæд æ аци загъд ба ин æгириддæр раст нæ разиндтæй. Кæд æма дууадæс æма дууинсæй анзей бæрцæ Хазби не 'хсæн нæбал æй, уæддæр ин нерæнгæ дæр ма нæ дзиллæ номерæни къохæмдзæгъд кæнунцæ – æ рохс ном ин имисæн, æ исфæлдистадæн ин аргъгонд цæуй. Уомæн æма æ хумæтæг зæнхон цардæгъдауæй дæр æма æ исфæлдистадон хъиамæттæй дæр адтæй Рæстибарагген. Æ уоди кæдзосдзийнадæй игурдæнцæ æ зæгъуйнæгтæ дæр:

*Дæ хæс цытджын æмæ егъау у,*
*Дæ фæндаг – даргъ æмæ дæрзæг…*
*Зæххыл дæм еу царды бар хауы,*
*Æмæ у рухс фæндтæ хæссæг!*

Æма æхуæдæг дæр, зæнхæбæл имæ ци еу царди барæ æрхаудтæй, е ин кæд бустæги хуæрз цубур разиндтæй, æдеугурæй æстдæс æма инсæй анзи (1931-1969), уæддæр æй банхæст кодта федауцæй. Уомæ гæсгæ 'й нæ дзиллæ имисунцæ æма ма берæ рæстæгути, æруагæс ни кæнуй, имисдзæнæнцæ. Абони ба 'й мах имисæн, æ райгурдбæл 16 апърели дæс æма цуппаринсæй анзи ке æнхæст кæнуй, уой фæдбæл. Нæ газети 4-7-аг фæрстæбæл мухур кæнæн Дзаболати Хазбийæн е 'мдзæвгитæ, уæдта æ хуарз æрдхуард æма æмархайæг Хъодзати Æхсари имисуйнæгтæ.

***Дуйней еугур пусулмæнттæн дæр æндæрæбонтæ, 13 апърели ралæудтæй цитгин мæйæ Рамадан, комдарæни рæстæг. Уой фæдбæл Цæгат Иристони пусулмæнттæн зæрдиагæй райарфæ кодта нæ республики Сæргълæуууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Сергей МЕНЯЙЛО. Æ арфи финстæги уотæ загъд ес: «Комдарæнæн уæлдай ахедундзийнадæ ес æууæндæг***



**СЕРГЕЙ МЕНЯЙЛО:**

# «МÆНÆН ДÆР ЦÆГАТ ИРИСТОН МÆ УАРЗОН ÆМА ЗÆРДТАГОН ФИДИУÆЗÆГ ÆЙ !..»

ЕВГЪУД авдисæри арæзт æрцудæй сæрмагонд æмбурд, кæцими нæ республики Парламенти депутаттæ, Хецауади иуонгтæ, бунæттон хеунаффæйади разамунд базонгæ ‘нцæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæуууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Сергей Ивани фурт Меняйлой** хæццæ. Архайдта си Уæрæсей Федераций Æнхæстбаргин минæвар Цæгат Кавкази федералон зилди **Юрий Чайка**.

Æмбурди фиццаг радзубанди кодта Юрий Чайка. Е куд радзурдта, уотемæй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæг **Битарти Вячеслав** æ куст ниууадзуни тухæй барвæндонæй ниффинста курдиадæ. Уой фæсте Юрий Чайка бакастæй Президенти Указ, уомæ гæсгæ Сæргълæуууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæгæй нисангонд æрцудæй Сергей Меняйло.

Битарти Вячеслав разамонæги кустмæ бавналдта 2016 анзи феврали, уой фæсте фондз анзей дæргъи адтæй республики Сæргълæууæг, – загъта Юрий Чайка. – Раст зæгъун гъæуй, æ къохи берæ хуарз гъуддæгутæ бафтудæй. Е ‘мкосгути хæццæ уæззау социалон-экономикон уавæр бабæстон кодта, нæуæг кусти бунæттæ искодта. Еумæйаг уавæрмæ нæ кæсгæй, Цæгат Иристони экономикон бæрæггæнæнтæ раудæнцæ дзæбæх, æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади косæндæнттæ фæгъгъомусгиндæр æнцæ. Арфæ кæнун Битари-фуртæн, республики ирæзтмæ ци байвæрæн бахаста, уой тухæй.

Æ радзубандий Юрий Чайка уой дæр баханхæ кодта, æма Сергей Меняйло Иристонæн æцæгæлон адæймаг нæй. Райгурдæй 1960 анзи, Алагири, службæ кодта Цæгатаг, Хъаспийаг, Сауденгизаг флотти. Ес имæ паддзахадон хуæрзеугутæ. Адтæй Президенти Æнхæстбаргин минæвар Сибираг федералон зилди, Севастополи губернатор, кæми куста, уоми бæрнонæй, зæрдиагæй.

– Æй фæлтæрдгун паддзахадон адæймаг, æ уоди менеугутæ рабæрæг æнцæ, сибираг сахартæ дæлдон ку фæцæнцæ, уæд, – загъта Юрий Чайка.

Æма Сергей Меняйломæ е ‘ргом раздахгæй, æ дзубандибæл бафтудта:

– Хъазар Сергей Ивани фурт, Президент дæ Цæгат Иристони Сæргълæуууæги ихæстæ æнхæстгæнæгæй ке иснисан кодта, уомæй дæмæ æвдесуй е ‘ууæнкæ. Алкæддæр цæттæ дæн æнхусмæ, уотæ – федералон хецауадæ дæр.

Уæрæсей Президенти Æнхæстбаргин минæвари гъудимæ гæсгæ, гъæуама æмхузонæй уæн æмцæдесонтæ, уæд иристойнæгти цард æма фæрнугадæ уодзæнæнцæ æнтæстгин.

Уой фæсте радзубанди кодта Сергей Меняйло æма загъта:

– Иристон мæ фидибæстæ æй, ами нигæд æнцæ мæ нийергутæ. Кæмифæнди косгæй, алли хатт дæр æнхус кодтон республикæн. Арфиаг дæн Битарти Вячеславæй, ци гъуддæгутæ исаразта, уой тухæй. Раздæр си ка куста, еци разамонгутæн, Иристони сæрбæлтау ка фæллойнæ кæнуй, еци еугур адæмæн. Фал ма нæ нурма берæ цидæртæ гъæуй искæнун. Президент мæ ку иснисан кодта, уæд загътон, Цæгат Иристонæн хецæн ирæзти программæ исаразуни тухæй. Мæ хæццæ исарази ‘й.

Сергей Меняйло æ радзубандий куд баханхæ кодта, уотемæй идарддæри кусти сæйрагдæр нисан æй еугур мадзæлттæ дæр исаразун, цæмæй æнтæстгиндæрæй цæуа æ райрæзти надбæл:

-Е ахсгиаг æма вазуггин гъуддаг æй, фал нæ къохи бафтуйдзæнæй. Нæ географион бунат, нæ традицитæ нин фадуат дæттунцæ размæ рацæунæн. Гъæуама æрбангом уæн, айдагъдæр уотемæй бафтуйдзæнæй нæ къохи еци нисан. Фадуæттæ нин ес. Иронау дзорун, финсун, кæсун, тæлмацгæнæг мæ нæ гъæуй. Цæттæ дæн кустмæ, косун ке фæндуй, уони хæццæ. Рæстæг хумæтæг нæй, фал уæддæр мæ зæрдæ уæбæл дарун æма еугур равгитæй, фадуæттæй дæр раст æма æнхæстæй пайдагонд цæудзæнæй, нæ еумæйаг куст æнтæстгин уодзæнæй.

Æмбурди уой фæсте радзубанди кодта Битарти Вячеслав. Райарфæ ракодта Уæрæсей Президентæн, вазуггин фарстатæ лух кæнгæй æ фарсмæ ке адтæй, агъаз ин ке кодта, уой фæдбæл. Сергей Меняйло ба æхемæ ци ихæстæ есуй, етæ æ къохи куд бафтуйуонцæ, уæхæн арфæ ин ракодта.

# НÆ РАЗМÆ ЦИ ИХÆСТÆ ЛÆУУНЦÆ, ЕТÆ ГЪÆУАМА АФОЙНАДÆБÆЛ ÆНХÆСТГОНД ЦÆУОНЦÆ...

ЦÆГАТ Иристони Сæргълæуууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Сергей Меняйло** æндæрæбонтæ, 13 апърели ци Указ бафинста, уомæ гæсгæ нæ республики Хецауадæ æрвист æрцудæй отставки. Уой хæццæ ба Хецауади нури иуонгтæн байхæс кодта, цæмæй идарддæр дæр сæ куст кæнонцæ, цалинмæ аци структури нæуæг исконд федаргонд æрцæуа, уæдмæ.

Еци бон Сергей Меняйло архайдта республики Хецауади æмбурди. Æма уоми æ радзубандий куд баханхæ кодта, уотемæй еугæр республики Сæргълæууæг отставки рацудæй, уæд еци уавæри фæткæмæ гæсгæ гъæуама æ фæсте уæхæн фæндæ рахæсса Хецауадæ дæр.

Æцæг, цалинмæ министрти нæуæг кабинет федаргонд æрцæуа, уæдмæ нури разамонгутæ сæ ихæстæ æнхæст кæндзæнæнцæ разæфтауæн «ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг»-и хæццæ.

– Косдзинан еци искондæй æма бæрæггонд фæткæмæ гæсгæ, – загъта республики нури разамонæг. – Гъуддагмæ бæрнонæй æркæсетæ, алкæмæн дæр уи ес идарддæр косуни фадуат. Алке хæццæ дæр цæттæ дæн косунмæ, е айдагъ Хецауади иуонгтæмæ нæ хауй, фал районти разамундмæ дæр. Цæттæ дæн, цæмæй мин бантæса бæлвурд бæлдтаг бæрæггæнæнтæ, æма сумахмæ дæр уомæ æнгъæлмæ кæсун.

Æ радзубандий куд фæббæрæг кодта, уотемæй ин республики гъуддæгутæ ‘нцæ зундгонд, цардарæзти тухгиндæр æма лæмæгъдæр фæззелæнтæ лæдæруй. Уой хинцгæй, Хецауади иуонгтæй алкæмæндæр бафæдзахста бæлвурд ихæстæ.

Хецауади Сæрдари ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Тускъати Таймораз**и размæ исæвардта Хецауади æмбурдтæ районти исаразун.



Экономикон ирæзти министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Томайти Хъазбегæн** байхæс кодта, бюджети æфтуйæгти хай фæффулдæр кæнунæн пълан исаразун, республики социалон-экономикон ирæзти паддзахадон программæ бацæттæ кæнун æма, национ проекттæ куд æнхæстгонд цæунцæ, уой фæдбæл гæгъæди бацæттæ кæнун.

Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министради разамундæн – медицинон косæндæнттæн аудит искæнун, медицинон косгутæй хуæцгæ нези нихмæ арæзт гъуддæгути ка архайдта, уонæн нисангонд феддонтæ куд бафистонцæ, уой исбæрæг кæнун.

Адæм сæ курдиæттæ, сæ гъæститæ ци управленимæ бадæттунцæ, кой косгутæ ба гъæуама Сæргълæууæгмæ æрвист финстæгутæ æнæгъæнæй дæр исбæрæг кæнонцæ.

– Нæ куст уотид æма нецидæттæг æзмæлди хузæн ма уа, фал æнхæстгонд цæуа гъæугæ бæрæггæнæнтæ бантæсуни нисанеуæгæй. Уомæ гæсгæ ци ихæстæ æвæрун, етæ гъæуама афойнадæбæл æма гъæугæ хузи æнхæстгонд æрцæуонцæ. Бабæрæг кæндзæнæн еугур районтæ дæр, уомæ дæр цæттæ уотæ. Республикæ Цæгат Иристон-Аланий социалон-экономикон тагъд ирæзти программи хæццæ регионти хигъдмæ бахæссуни тухæй Уæрæсей Хецауади унаффæ аци къуæре рацæудзæнæй. Уомæ гæсгæ, ци ихæстæ исæвардтон, уонæбæл гъæуй æновудæй бакосун.

**Уæрæсей полиграфий Бон бæрæггонд цæудзæнæй 19 апърели. Рагацау хъæбæр æхцæуæнæй арфæ кæнæн Цæгат Иристони еугур полиграфисттæн дæр, арфиаг æй сæ куст æма си зæрдирай уæнтæ!..**

*дзилли царди. Еци рæстæги алли адæймаг дæр уæлдай æновуддæрæй турнуй уоди кæдзосдзийнадæмæ, ауодуй хестæртæ æма агъазгъæуагæ адæмбæл. Еци хуарз менеугутæбæл хуæст æнцæ Цæгат Иристони пусулмон æхсæнади иуонгтæ дæр, етæ агъаз кæнунцæ алли динти минæвæртти 'хсæн федуд æма лæдæрундзийнадæ федардæр кæнунæн...»*



# «АХУРДЗИЙНАДÆ ДÆ МÆСУГИ СÆРМÆ ЕСУЙ!..»



***Еумæйагнацион проект «Ахурадæ» æма нæхе республикон сæрмагонд программитæ Цæгат Иристони æнхæстгонд ке цæунцæ, уой фæрци нæмæ аци ахсгиаг социалон къабази цалдæр анзей дæргъи фæззиндтæй берæ зæрдæмæдзæугæ æйййивддзийнæдтæ. Уæдта ма ес берæ равгитæ еци архайд идарддæр дæр æнтæстгинæй аразунæн. Уой фæдбæл Цæгат Иристони Хецауади Сæрдар ТУСКЪАТИ Таймораз лæмбунæгæй æрдзубанди кодта нæ республики ахуради æма науки министр Людмилæ БАШАРИНАЙ хæццæ сæ косгæ фембæлди рæстæг.***



### ХУАРЗ КУСТ ХУАРЗДЗИЙНÆДТÆЙ БÆРÆГ ДАРУЙ!..

Еци фембæлди туххæй нæ нæ радзубанди райдайун фæндуй еу дæнцæй. Цæветтонгæ, уæрæсейаг культури игъустгонд архайæг Николай Губенко кæддæр, нæ адæмон ахурадæ бустæги æдзæллаг уавæрти ку бахаудтæй, уæд уой фæдбæл бахъонц кодта: «Нури скъола берæ сабийтæн берæ цæмæйдæртæй исæфтмæ нади хузæн æй. Уой туххæй берæ финсунцæ, берæ дзорунцæ. Фал неци æйййивд цæуй хуæздæрæрдæмæ. Уомæн æма еци гъуддаг кæмæй аразгæ 'й, етæ æндæр хузи гъуди кæнунцæ.

Еу гъæуккаг ахургæнæг мæмæ ниффинста, сайун, дан, байдæдтон, цæмæй маддæлон æвзаг æма литератури сахæттæ фæффулдæр кæнон, уой туххæй. «Уæле», дан, уадзæ æма алцитæ имисæнтæ, æз ба, дан, мæхеуæнттæ кæндзæнæн. Æма, дан, мин æнтæсуй къуæре еу кенæ дууæ сахатти бафтаун, цæмæй сабийтæ маддæлон æвзаг хузæнон ахур кæнонцæ, уой туххæй.

Еци æргомдзурд ахургæнæги тухст лæдæргæй, боз си дæн æ «сайæггади» туххæй. Фал нæмæ уæхæн ахургæнгутæ берæ ес? Уæдта фæстæдæр фæффулдæр уодзæнæнцæ?..»

Аци фарстатæ ахид исæвзурунцæ, адæмон ахурадæмæ уæддæр еу минкъий барæ ка даруй, уонæмæ. Нæ рагфидтæлтæй нин уæхæн загъд байзадæй: «Ахурдзийнадæ дæ мæсуги сæрмæ есуй!..» Æма нæ советон дзамани ахуради уагæ еци мæсуги ци бæрзонддæр уæлиндзæмæ исиста, уордигæй нæ фæссоветон доги «нæуæгдзийнæдтæ» бустæги дæлæмæ расхустонцæ. Е цæйбæрцæбæл зæран æрхаста, уой бæсти разамунд дæр куд нæ балæдæрдтайуонцæ, æма фæстаг рæстæгути уавæр фæрæвдзæдæр кæнуни туххæй арæзт цæуй бæлвурд мадзæлттæ.

Еци æгъдауæй мах республики ахуради къабази архайд нуриккон домæнтæмæ гæсгæ райаразуни фæдбæл ци конд æрцудæй æма ма ес искæнуйнаг, уой фæдбæл адтæй сæ дзубанди Тускъати Таймораз æма Людмилæ Башаринайæн сæ косгæ фембæлди рæстæг. Зæгъæн, фæббæлвурд кодтонцæ математики æма химион-биологон ахуради райрæзти республики программитæ куд æнхæстгонд цæунцæ, уой.

Математикон лицейи бундорбæл нури уæнгæ игонгонд æрцудæй æртæ профилон къласи, иннæ ахурадон косæндæнтти ба рапарахат æй математикон къуæртти архайд. Математикæбæл æхцул скъоладзаути хæццæ архайунцæ Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети физикон-техникон, математикон æма компьютерон техники факультетти специалисттæ æма студенттæ дæр.

Дзæуæгигъæуи 27-аг æма цалдæр районеми скъолати ба фæззиндтæнцæ хими æма биологий профилон кълæстæ. Уонæми нуртæкки ахур кæнуй 270 биццеуи æма кизгемæй фулдæр.

Фембæлди рæстæг лæмбунæгæй æркастæнцæ, е 'нæнездзийнадæ цауд кæмæн æй, еци сувæллæнттæн ахурадон косæндæнтти ци уавæртæ арæзт цæуй, уомæ дæр. Министри дзубандимæ гæсгæ, республики скъолатæмæ ахур кæнунмæ цæунцæ 2122 уæхæн сувæллони (уонæн се 'мбесæй фулдæр æнцæ сахъат). Уæхæн сувæллæнтти уавæрмæ ес уæлдай лæмбунæг цæстдард. Зæгъæн, цуппар ахурадон косæндонеми еци сувæллæнтти ахур кæнунцæ сæрмагонд программитæмæ гæсгæ. Сæ еу хайии хæццæ ахургæнгутæ косунцæ, сæ хæдзæрттæмæ сæмæ бацæугæй, аст æма инсæй скъоладзауемæн ба ахурадæ аразунцæ идæрддзæгмæ технологити фæрци…

Фембæлди рæстæг ма дзубанди цудæй агъазгъæуагæ сувæллæнтти реабилитаций, интернаттæ æма æндæр уæхæн сæрмагонд косæндæнтти архайди ахсгиаг фарстати туххæй дæр.

8

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ...



*Сирдонæн æ гъог ниммардæй æма ибæл кæуй, æрдеуагæ кæнуй. Нарти фæсевæд деси бафтудæнцæ: амæн æ уосæ æрæги рамардæй æма уобæл уотæ ку нæ хъонц кодта, уæд æ гъогбæл ба æхе куд маруй.*

*Уæд ин Хæмиц уотæ:*

*– Сирдон, дæхебæл фæххуæцæ, дæ уосæ ку рамардæй, уæд нифсхастдæр ку адтæ…*

*– Мæ уосæ ку рамардæй, – зæгъуй син Сирдон, – уæд мин еугурæйдæр зæрдитæ æвардтонцæ: «Тухсгæ ма кæнæ, æндæр дин æрхæсдзинан!..» Нур мæ гъог ниммардæй, æма мин уæ еу дæр æндæр гъог дин балхæндзинан, зæгъгæ, нæ кой кæнуй.*

Сирдони уавæри бахаудтæнцæ нуриккон Уæрæсей хумætæг дзиллæ дæр. Сæ цардиуаги æверхъаудзийнæдти туххæй син хецаудзийнади тæккæ уæлдæр рауæнти бадгутæ еудадзуг бæргæ хъонц кæнунцæ, фал се 'рдигæй ба неци арæзт цæуй адæми социалон уавæртæ фæххузæнондæр кæнунæн. Уотемæй ба еугур гъуддæгутæ дæр уонæй аразгæ 'нцæ. Зæгъæн, кæдæй æма кæдæй ардæмæ цæуй дзубанди пенсиесгутæй ма косгæ ка кæсуй, уони пенситæ цæмæй индексацигонд цæуонцæ. Æма ци?.. Æгириддæр неци!.. Сæ рæуæнттæ: æхца нæййес. Уотемæй ба æхцатæ æгæрдæр ма райерунцæ банктæ, уæлдай пайдахæссæг нефть æма гази фæрæзнитæ ке къохти 'нцæ, уонæн, гъома, сæ мулкдзауæнти сæ кризис багъигæдардта…



**Валентинæ МАТВИЕНКО, Федераций Совети Сæрдар – Уæрæсей номæй «Евровидение»-й конкурси зартæгæнæг Маниже (таджикаг кизгæ) ци зар кæндзæнæй, уой туххæй: «Аци зари дзурдти хæццæ зонгæ ка нæй, етæ сæмæ æркæсæнтæ. Етæ 'нцæ бæхтæ – адæймæгутæ, еу загъдæй, цидæр сæнттæ. Фиццаг телеканалæй байагорайтæ, уобæл куд гъæлæсгонд цудæй, еци фæткæ…**

– Маниже ци зар кæнуй, уой «Евровидение»-й аккаг цæмæн иснисан кодтонцæ, еци мулкдзæстæ телеканал, е бæрæг æй – æхца, æхца… Гъæлæс кæнуни фæткæй ба син, æвæдзи, нæ бæсти Сæйраг æвзарæн къамиси фæййагъаз кодтонцæ – уоми дессаги дæсни иссæнцæ гъæлæстæ гъæугæ хузи фæливд нимайунтæмæ. Нæкæси, хуарз уидæ Паддзахадон Думи дæр æма Федераций Совети дæр сæнттæ цагъди æнгæс унаффитæбæл хаттæй-хатт цæмæ гæсгæ исгъæлæс кæнунцæ, еци фæткæ исбæрæг кæнун дæр.



**Владимир МЕДИНСКИЙ, Уæрæсей æфсæддон-историон æхсæнади сæрдар: «Педагогон институтти историон факультеттæмæ бюджетон бундорбæл ахурдзаутæ есуни бæрцæ фæффулдæр кæнун гъæуй. Фæсевæд æгæр ку фæццалх уонцæ сæ зундирахаст син усхъуммитæгæнæг ахурадæбæл, уæд ке исгъомбæл кæндзинан бюджетон æхцатæбæл?..»**

Цæмæй студенттæ æнæгъæугæдзийнæдтæ кæсунтæбæл ма фæууонцæ, уомæ гæсгæ ба уæлдæр ахургæнæндæнттæмæ есун гъæуй, ахурмæ тулаваст ка нæй, уæхæнттæ. Уогæ нæмæ нур дæр æгæр берæ дæр ма æнцæ, уæлдæр ахургонддзийнади дипломтæ кæмæ ес, фал зонундзийнæдтæй ба бустæги кадавар ка 'й, уæхæнттæ. Нæкæси, В. Мединскийæй, æвæдзи, феронх æй е, æма æхуæдæг дæр диссертаци рацъапп кодта, кæмæйдæрти ци æрмæгутæ фæддавта, уонæй.



**Геннадий ОНИЩЕНКО, Уæрæсей Федераций раздæри Сæйраг санитарон дохтир – маскитæ кæд исесун æнгъездзæнæй, уой туххæй: «Некæд. Е гъæуама исуа нæ культури хай. Алли анз дæр Зæнхæбæл фæззиннуй гриппи вирус, æма уæд цæмæннæ гъæуама дарæн маскæ?!.»**

Уæлдайдæр ба еци маскитæ гъæуама даронцæ нæ фæливд чиновниктæ, еугурадæмон фæрæзнитæ æдзæсгонæй давгутæ, еудадзуг телеуинунадæй сæ къæсибадæгдзийнæдтæ ка æвдесуй æма æндæр уæхæн нæ цардиуагæ нин æнадæгæнгутæ – кæдимайди ба еци гириззæгтæн уæддæр сæ цæсгæнттæ нæ уинийанæ. Уогæ сæмæ цæсгондзийнадæй ба ести ес?..

### АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

# ЗОНУНДЗИЙНАДÆМÆ ТУНДЗУНÆН НИН РАВГИТÆ ЕС?..

***Æхсæнадон цæстингас бæлвурдгæнæг Еугуруæрæсеуон центри æртасгутæ, ахурадæ нæмæ ци уавæри æй, зæгъгæ 'й, уæрæсейæгтæй ке бафарстонцæ, уонæн се 'ртиккаг хаййæй минкъий-минкъийдæр (31%) бæрзонд аргъ искодтонцæ нæ фидибæстон ахуради къабазæн. Сæ фулдæр ба (42%) уотæ нимайунцæ, æма уой хуæрзгъæдæдзийнадæ æй рæстæмбес, æрфарсти архайгутæй алли фæндзæймаг ба 'й нимайуй куд лæгъуз кенæ бустæги лæгъуз. Уотемæй ба уæлдæр кенæ астæуккаг сæрмагонд ахургонддзийнади диплом райсун ба нимад цæуй æнæмæнгæ гъæугæ гъуддагбæл – айдагъдæр 5% загътонцæ, сæ сувæллон циуавæр ахургонддзийнадæ райсдзæнæй, е син цийфæнди æй. «Кæд æма уæрæсейæгтæн сæ фулдæр комкоммæ бастдзийнадæ нæ уинунцæ ахургонддзийнадæ æма æфтуйæгтæ амал кæнуни хæццæ, уæддæр ниййергути фæндуй, цæмæй сæ сувæллæнттæ райсонцæ уæлдæр ахургонддзийнадæ. Куст амал кæнуни базар, кустдæтгути гъудимæ гæсгæ, æгæр цъоппиддзаг дæр ма 'й уæлдæр ахургæнæндæнтти æдзæттæ рауагъдонтæй, кæцитæ сæ дæсниадæбæл косунмæ гъæугæ хузи нæ арæхсунцæ. Уотемæй ба профессионалон ахуради нимаддзийнадæ кæд ирæзуй, уæддæр дзæндæлæй...» – уотæ нимайуй æхсæнадон цæстингас бæлвурдгæнæг Еугуруæрæсеуон центри Фонди генералон директор Константин Абрамов.***




*Нæ номдзуд рохситауæг æма поэт Малити Геуæргий (1886-1937) уотæ фæдзахста: «Рохсмæ, фæсевæд, тундзетæ, рохсмæ цæуетæ æнгом, нифс, лæгдзийнадæ уарзетæ, скæнтæ муггагмæ стур ном!..»*

**Финддæс æма фондзинсæй анзей размæ (1906 анзи 19 апърели) Уæрæсейаг империй донибунти цæуæг бæлæгътæ нимад æрцудæнцæ тугъдон наути хебарæ къласбæл. Уæдæй фæстæмæ еци бон бæрæггонд цæуй куд Уæрæсейаг флоти дæлдон тухти исарæзти Бон.**

*Цæгат Иристони адæмон поэт ХОДИ Камал: «Дзаболати Хазби, æ алфамбулай ци фæззиндтитæ æма цаутæ уидта, уонæмæ кастæй хузæгæнæги цæстæй, тергади сæ кодта æма син аргъ кодта диалектикон хузи. Зæрди æма зунди хъаурæй æнхæст ке адтæй, уомæ гæсгæ лæдæрдтæй, зæнхæбæл нерæнгæ ма*

# Ис бирæ, тыни бирæ бынуагъд хæзнатæ цардамондæн...

## УÆГЪДИБАР СОНЕТ

Уæлхохрæбын цъæхнæуууæвзæрд уæлвæзы
Дæйы лæппын сычъи йæ къæрцхъус мады дзидзи,
Тæмæнкалгæ, нæзыæрфыг цъæх цъити,
Дзæбидыры цæстау, къæйбын коммæ фæлгæсы.

Тызмæг хæхтæ, фæлладуадзæг бæлццонау,
Сæ цыргъ уæхсчытæ сбыцæу кодтой арвмæ.
Мæнмæ кæсы, цыма къæдзæхцæджындз æрдзон нау
Фæтындзы сабыргай æмбæхст æнусты арфмæ.

Фæлæ мæ хæдбынмæ цъæхуылæн малы ссары
Сызгъæринбуар кæсаг – сырх мæнæргъымæ 'вналы...

О Иры хæхты номхæссæн фæрныг æрдз!
Æз дæу æрмæст чындздзон чызгимæ сбарин,
Фæлæ ды 'нусон дæ, – нæ бакомдзæни халын
Дæ сыгъдæгдзинад хъахъхъæнæг хæлынкæрц!

## ЗАРÆГ ФÆДИСОН ÆНУСЫЛ

Зарынц бæлццæттæ фæндаджы даргъыл,
Зарынц фæндæгтæ рæстæджы уаргъыл,
Зæхх йæ хох-къухтæ ивазы арвмæ,
Рахауд стъалы цъæх денджызы арфмæ.

Ирд бæгъæввад æртæхтæ
Зарынц урсриу æврæгътыл.
Зарынц уадсаст бæлæстæ
Систыгъд бархи цæргæстыл.

Змæлы дуне фæндаггоны змæлдæй,
Ризы дуне тырнæг зарды зæлтæй.
Зарынц фæндæгтæ рæстæджы уаргъыл,
Зарынц бæлццæттæ фæндаджы даргъыл.

Мысы рох зынтæ амонд,
Згъоры фидæнмæ абон.
Дæттæ фурдтыл æмбæлынц,
Алчи сгары йæ бæллиц...

Алчи рæстæг йæхи барстæй бары:
Чи йæ зæрдæ зæххы фарныл хъары,
Чи зæххон уарзтæн скарста фыдвæндтæ
Æмæ зæрдæтæм кардæй нывнæлдта.

Чи кæйдæр мастыл риссы,
Чи кæйдæр амонд исы...
Цæгæй ратоны баст тых,
Судзы, сгуыппæввонг карз тох, –

Тох – хæрам æмæ уарзты æндзæвдæй.
Зæхх рæмыгъдæввонг ризы æргъæвдæй,
Зонд ын хъахъхъæнæг баззад.
Къæрцхъусæй
 Хъусы дуне фæдисон æнусмæ.

## РИТОРИКОН ÆМДЗÆВГÆ

Ныхасуарз адæм хъусдзысты лæмбынæг,
 Дзырддзыд поэт намаз кæсæгау зардзæн,
Йæ къухтылдæй, егъау залы рæбынмæ,
Кæйдæр «рæсугъд цъæх чызджы» ном ыссардзæн.

Æмæ йæ кадæн иумæйаг æмдзæгъды
Ныгъуылгæйæ мæ цæстытæй æдзынæг,
Æз бакæсдзынæн ног къухфыст æмдзæвгæ,
Мæ судзаггаг нымд хъуыдытæ зæгъдзынæн.

Зæгъдзынæн æз хуымæтæджы ныхæстæ –
Æрвыл сахат нæ зæрдæтæй кæй хъусæм,
Фæлæ кæй дарæм давæгау æмбæхстæй,
Кæй фæкæнæм нæхи удтæй дæр сусæг...

Нæ райхъуысдзæни къухæмдзæгъд мæ кадæн,
Æнæ дзургæ, сых йе 'мзæрдæ сыхимæ,
Цæудзысты сабыргай, æфсæрмыгæнгæ, адæм,
Ыздæхдзæн алчи дæр хъуыдыгæнгæ сæхимæ...

## БАЛЛАДÆ

Цыд салдат йæ райгуырæн хъæубæстæм,
Цыд хæстон лæг тугкалæн фыдхæстæй,
Хъæугæрон дыууæ фæндаджы астæу –
Дурын – хъыг, зæрдылдарыны мастау –
Цырт лæууыд... «Кæй цардхъуаг уд фæхаста,
Сау мæлæт?.. Кæй рухс фæндтæ æрцахста,
Цымæ, кæй, йæ цардвæндаджы балцы?..»
Цыд салдат... Æгомыг цыртмæ бацыд,
Фæлæ циу? – цæй тыххæй фæци сагъдау? –
Æви фаг хъыгдзинæдтыл нæ сахуыр?..
Цыртæй йæм – цыма фæджих фæсулæфт –
Зулмæ каст къæмдзæстыгæй йæ сурæт...
Каст салдат... йæ цæстытæ æрсæрфта...
Лыгъд, фынау, æнæуууæнкаг æхсæвтар,
Зылд сындæг хæххон цæргæс йæ сæрмæ...
Ныр, æрмæст ныр æрлæууыд йæ зæрдыл –
Уый кæддæр кæй æрныгæдта хъарм зæхх,
Уый æцæг мæрдтыбæстæй кæй раздæхт...

## РАЗНЫХАС «НÆРТОН ЦИКЛ»-МÆ

Рох дæ байдыдта кæд де 'взаг
Скъуыдцъар чингуыты æхсæн,
Кæд дæ фæндты хуымгæнд не 'рзад,
Æмæ бафæллад дæ сæр,

Уæд фæзын дæ хъæумæ дардæй,
Бабад зест пецы уæлхъус,
Æмæ каухалæнтæй артмæ
Рагон таурæгътæм фæхъус.

Уыдон чингуыты фæфыстой,
Фæлæ ма сфæлмæц уæддæр –
Ам дæм æрдзы цур сæ хъысмæт
Ныр фæкæсдзæни æндæр.

## НÆРТОН СИДТ

Ныууагътой фæзы фæсивæд сæ хъазын,
Æмæ сæ урссæр хистæртæм ныхъхъуыстой:
Фæдзырдтой Нарт сæ иумæйаг ныхасы,
Æмæ Хуыцаумæ минæвар æрвыстой:

«Хуыцау! Дæуæн мах худайстæй фæкуывтам,
Нывонд дын кодтам не 'рвылбоны хидæй,
Фæлæ нын ды нæ кодтай аргъ нæ куывдæн,
Ды ма нæм суанг нæ равдыстай дæхи дæр.

Фæнды нæ зонын: ды цы дæ, йе чи дæ,
Зæххон цæрæг йæ хъуыдыты хæдбар у,
Æмæ дæм ныр мæлæтдзаг тохмæ сидæм.
Кæд уа стыр дæ, уæд равдис уым дæ хъару!»

Æмæ сæм уый сæ тохмæ сидты уацæн
Куы 'рæрвыста: «Куыд уыдзæни уæ кæрон,
Куы хæцæм, уæд – фыдвæд ма уæ ныууадзон,
Æви-иу уæ бынтон æвæд фæкæнон?»

Уæд загътой Нарт: «Кæд сæфгæ кæнæм иугæр,
Нæртон фæлтæр кæд нал цæудзæни стæры,
Уæд нæ фыдтохæй ма рацæуæд иу дæр,
Фыдвæдæй уæд бынтон æвæд хуыздæр у!»

* * *

Ис бирæ,
            тынг бирæ бынуагъд хæзнатæ цардамондæн,
Цæмæй æнусæн ма рох кæна йе стыр фарн æнус.
Фæлæ дзы равзæрстон æз
                                        иунæг хæзна – уацамонгæ, –
Нæ фыдæлты рæстадæвзарæн уацамонгæ-къус.

Зын у мæ хæс,
Фæлæ сæркъулæй агуырд номы бæсты
Сыгъдæгуд царды азарæй мæ номыл сбадæд сæг.
Куыдфæнды уæд, фæлæ мæ зарæджы нывгонд
                                                                      ныхæстæ
Уыдзысты уацамонгæ – раст тæрхон хæссæг.

Æнхъиз, о ме 'рвон ронг!
Æмæ цæстмæхъус кады ауон
Мæнгдзурæг лæджы 'фсæст былтыл ды ма
                                                      ныууадз дæ фæд.
Фæхæсс дæ нæртон фарн, æлхæнгæ удтыл
                                                        макуы бауæнд,
Уæд ныфс – дæ аходæг, рæстдзинад уæд –
                                                                  дæ фæтк!

## ЦАРДЫ РÆСТÆГ

*«Знон аивгъуыдта, сомбон та не 'рцыд».*
Франциско де Кеведо

Знон уыд – абон,
Райсом та – иннæбон,
Ныртæккæ та – дыууæ цалхы лæгъз сæмæн.
Æмæ дын кæд нывгонд æрцыди амонд,
Уæд ахæм рад уыдзæн дæ бон æмæ æхсæвæн:
Знон уыдзæн – абон,
Райсом та – иннæбон,
Ныртæккæ та – дыууæ цалхы лæгъз сæмæн.
Фæлæ рæвдз лæуу! – мыййаг, æвæд гуыргъахъхъы
Ныртæккæ – сæмæн – къудзийыл фæфидар,
Лæдзæгтылдæй дæ бон нæу галтыл рахъæр, –
Уæд айсæфт де знон, адзæгъæл дæ фидæн.
Æмæ дыууæ цалхы, – дæ сомбон æмæ де знон –
Кæнынц уæгъд мидцоппай,
æрдæгыл банцад се згъорд...

## МОЛАДЗАН-ХОХ

Йæ сау къæдзæхфæдджи пæлæзы,
Цыма йыл бахæцыд мæрдрох,
Æхсæвтар хъахъхъæнæгау хох
Æлхынцъæрфыгæй дард фæлгæсы.
Йæ былтыл – иунæг дзырд:
«Ныууадз уал...»
Цин, монцæй – цæстытæ æмбæхст...
Хуыцау! Кæд искуы уыд моладзан,
Уæд уый у – ацы хох æрмæст!

## ЗАРÆГ ХОРЗ ÆМÆ ФЫДРАКОНДЫЛ

Зæххыл цыфæнды стыр фыдраконд дæр
Рæстырдæм агуры æвдисæн.
Иу райсы бардзырд, иннæ рагондæр
Фыдæлтæй баззайгæ æмбисонд...

Æмæ туг бандзыг вæййы, – уазалæй,
Цыфæнды къус сисæгау цадæй –
«Хорз ма ракæн æмæ фыд ма ссарай!..» –
Куы скæнынц фидар хатдзæг цардæй!

## ИЗÆР УÆТÆРЫ

Æмбæхсы хуры хæхты тар рагъ,
Къæрцц-судзгæ арт кæны фæйлауæн,
Фæлдахы дон æвзонг фыййауæн
Йæ æнæдамгъæ чиныг – таурæгъ...

Фæстаг тын комрæбын æрхуысдзæн,
Æрбаддзæн рæгътыл сау сæрбæттæн.
Уæддæр фыййауы зарæг хъуысдзæн
Нæууæмбæрзт улæфгæ сæрвæтыл.

Æмæ кæмæдæр сиддзæн уадындз,
Зæл фæлмы базырыл фæтæхдзæн,
Сæ фæллад хъæубæстæ кæм уадзынц,
Уым уарзты ирд æртæх æрцæгъддзæн...

Æмæ хъуымбылдзыкку чызг фендзæн
Йæ фыны саубазыр тыгъд нымæт,
Йæ цуры зилгæ суадон фестдзæн
Фыййауы хурмæсыгъд ныхы мæт!..

---

РЕДАКЦИЙÆЙ: *Дзаболати Хазбийи аци æмдзæвгитæ рамухур кодтан æ киунугæ «Уацамонгæ»-й, мухури рацудæй 1974 анзи.*



*рæстдзийнади хæццæ æмдзо ке кæнунцæ сау тухтæ, недзамантæй фæстæмæ карз тохи ке бацудæнцæ уарзт æма фудонхæ, федуд æма тугъд. Еци æзнæт æма æзмæнст дуйней адæймагæй рацæрунмæ ка гъавуй, уæлдайдæр ба поэти ном ка хæссуй, е гъæуама лæууа æхе федар фæткитæбæл.*



ХЪОДЗАТИ Æхсарæ

# ÆМГАРИ СОРÆТ

## (Фрагменттæ)



***ДЗАБОЛАТИ Хазбийи райгурдбæл дæс æма цуппаринсæй анзи ке исæнхæст æй, уой фæдбæл ин абони æ рохс ном ерæн Цæгат Иристони адæмон поэт ХЪОДЗАТИ Æхсари имисуйнæгтæй. Бæлвурдæй уони мухур ба кæнæн уомæ гæсгæ, æма æмбæлццæнттæ адтæнцæ царди гъуддæгути дæр æма исфæлдистади дæр, сæ лимæндзийнадæ адтæй уодæй кæдзос æма зæрдæй æновуд. Хазби æ хуарз æрдхуарди цитгингæнгæй кæддæр сæрмагондæй дæр ма нiффинста мæнæ ауæхæн æмдзæвгæ:***

***ХЪÆРИУЫ ХОХЫ РÆБЫН***

***(Ме ’мбæлццон Хъодзаты Æхсарæн)***

***Зымты уаст – сусæг катайау,
Хæхтæ – бæрзонд, сæрыстыр.
Къултыл чырынтæ куатæйы
Апырх хъæугай Ирыстон.***

***Мигъ-цæргæс урссис базыртæй
Схæцыд сындæг Хъæриуыл...
Рæгътæ мæ бынмæ – каузылдæй,
Иунæг бæллиц – мæ риуы:***

***Бавæр, ныуулæф зарæджы
Иры сæрвæлтау зæрдæ!
Къуылдымтыл, комы нарæджы
Судзгæ фæтæх зынг зæлтæй!***

***Æхсарæ дæр нæ иронх кæнуй æ хуарз æмбали, ци равгæ æма гæнæн фæууй, уомæй ин æ рохс ном нерæнгæ дæр цитгин кæнуй. Кæрæдземæн цæйбæрцæбæл зæрдтагон адтæнцæ, е ба бæрæг æй, мæнæ дæлдæр ке мухур кæнæн, Æхсари еци имисуйнæгтæй дæр.***

***

Рагацау мæ гъостæбæл уайунцæ кедæр карз уайдзæфтæ. Гъома, цитæ финсуй ейæ: литературон-критикон уац æви имисуйнæгтæ, киунуги туххæй рецензи æви эссе?

Мæ дзуапп цæттæ ‘й: мæн нуртæккæ жанри мæтæ нæййес.

Авд анзей размæ ирон литературæбæл æрцудæй устур зиан – цæрунгъæуагæй рамардæй поэт Дзаболати Хазби.

***

Фиццагидæр ин базонгæ дæн е ‘мдзæвгити хæццæ. Фæззиндтæнцæ газетти æма журнал «Мах дуг»-и. «Рæстдзинад»-и æ кой ахид адтæй: косуй, дан, Бурони æрзæткъахæнти, æй дæсни хонхкъæртгæнæг, æ ихæстæ æнхæст кæнуй дзæвгарæ фулдæртæй, уæдта, дан, дзæбæх æмдзæвгитæ дæр финсуй.

Е адтæй 1958 анзи. Уæд Къостай номбæл паддзахадон педагогон институти ахур кодтон. Ме ‘мдзæвгитæ ахид хастон газеттæмæ, «Мах дуг»-мæ. Журнали редакци ба уæд адтæй Куйбышеви гъæунги 6-аг хæдзари (нуртæккæ си ес телерадиоателье). Поэзий хайади разамонæгæй си куста Плити Хадо. Ци æмдзæвгитæ имæ равардтон, уонæбæл æ цæстæ рахаста æма фæлмæн гъæлæсæй загъта:

– Иннæ къуæре æрбауайдзæнæ, уæдмæ дин сæ бакæсдзæнæн...

Уæдта е стъолæй райста гæгъæдити сифтæ, къæразги размæ сæ рахаста (æвæдзи, рохсдæри туххæй) æма загъта:

– Ани бакæсай æма мин дæ гъуди зæгъæ.

Райстон сæ. Фиццаг сифæбæл рауидтон машинкæй финст: «Дзаболати Хазби». Дæлдæр ба: «Нæуæг æмдзæвгитæ». Бакастæн сæ. Ка си куд хундтæй, уой нур нæбал гъуди кæнун, фал си уадессагæй неци иссирдтон – æрзæткъахгути цардæй хецæн хузтæ (фæстæдæр, цума, æ киунугæ «Хæс»-мæ бахаудтæнцæ). Раст зæгъун гъæуй, журнали ци берæ лæмæгъ уадзимистæ мухургонд цудæй, уони рази Хазбий æмдзæвгитæ ахедудтонцæ, техники ‘рдигæй ба сæмæ мисхали бæрцæ дæр фау æрхæссæн нæ адтæй. Æма Хадойæн загътон, неци син æй, лæгъуз цума нæ ‘нцæ.

– Мæнмæ гæсгæ, аци биццеу исуйнаг æй, – загъта Хадо.

Балæдæрдтæн æй: æмдзæвгитæ бустæги хуарз ку исхудтайнæ, е æй фæндадтæй.

***

Уобæл цалдæр мæйи рацудайдæ, уотæ Цæрукъати Валодибæл (газет «Рæстдзинад»-и редакций куста) фембæлдтæн устур гъæунги. Æ хæццæ адтæй ниллæггомау къæсхуртæ биццеу. Мæ зæрдæбæл ин дзæбæх бадардтон æ тумбул цæсгон. Æ зекъи – арф хъулуфгонд. Базонгæ ан. Е адтæй мæ фиццаг фембæлд Дзаболати Хазбий хæццæ.

– Мадта цæуæн, нæ базонгæдзийнади туххæй фæйнæ сикъайæй Хуцауи ном иссерæн, – Хазби Валодимæ разилдæй, гъома, хестæр дæ æма дæумæ ‘й каст.

Лæхъуæни фæндонбæл дууæ нæбал загътан: баздахтан гъæунги рахесфарсæй ци хуæрæндонæ адтæй, уордæмæ. Лæугæй фæйнæ сæдæ грамми уруссаг арахъ раниуазтан, цидæр уазал хуæруйнагæй исахустан æма кæрæдземæн хуæрзбон загътан: Хазби Бурони автобусмæ æрæги кодта.

***

Хазбийæн е ‘мдзæвгити фиццаг киунугæ «Хæс» рацудæй 1960 анзи. Цæрукъати Таймораз хæццæ исфæндæ кодтан рецензи ниффинсун. Æ финститæ ин уомæй размæ дæр зудтан, фал нур еумæ æмбурдгондæй бæлвурддæрæй зиндтæнцæ сæ хуарз менеугутæ дæр æма сæ аййеппитæ дæр. Рецензи рацудæй еци анз 2-аг июли «Рæстдзинад»-и. Нуртæккæ мæ цæсти нецибал ахедуй, фал си цума еумæйагæй раст аргъ искодтан поэти уадзимистæн. Цæветтонгæ, хастан сæмæ уæхæн фау: æмдзæвгитæй еуæй-еуетæ зæрдæ нæ агайунцæ, арф сагъæстæбæл æй нæ бафтаунцæ, финст æнцæ сор дзубандитæй, æнкъарæнтæй, фæлгонцтæй мæгургомау æнцæ. «Поэт гъæуама факттæ æма цаутæ дзоргæ ма кæнæ. Е гъæуама фиццагидæр хузæгæнæг уа», – финстан нæ еци рецензий. Дукккаг аййепбæл банимадтан, автори финститæй беретæми еухузон гъудитæ ке ес, уой. Еуæй-еу рауæнти æгæр æстауæн дзубандитæ дæр кодтан: «Æригон поэти алли æмдзæвги дæр мах уинæн адæймаги, цардбæллон, нифсхаст æма хъаурæгин советон адæймаги...»

Хазбий киунуги æнæсеккæй адтæй, фæстæдæр е ‘цæг поэтикон донвæдмæ кæцæй рахизтæй, уæхæн ратæдзæнтæ. «Мæнæн нæу иппæрд дзыллæтæй мæ амонд...», «Дæ хæс цытджын æма егъау у...», «Кæуыл æрцыди цинад, хъыг...», «Мæгуыр», «Фын», «Амонд» æма æндæр æмдзæвгитæ: поэтикон æхсарæ, æргомдзийнадæ, зиндзийнæдтæй нæ тæрсун. «Ку тæрсæн еугурдæр зин рауæнтæй, уæд махæн ка ратдзæнæй æгъдау?..» – зæгъуй поэт. Æууæндæн ибæл, уомæн æма æ дзурд гъуддагæй æнхæст кодта. «Мæн агъазиау намус нæ гъæуй, зæрдæ ресдзæнæй æ коййæй, реу æмпулдзæнæй, – ку нæ уа арæзт е нæ фæллойнæй». Аци деклараций нихмæ дæр неци зæгъæг ан, раст æй. «Зæрдæ ес зари, зар ба – зæрди», – дузæрдуггаг нæмæ нæ кæсуй уæхæн гъуди дæр. Аристотель кæд æма кæд загъта: «Зæрдæ агайун кæнуй, æ зæрдæ естæбæл кæмæн тухсуй, е, маст æфтауй, æхуæдæг мæстгун ка кæнуй, е...» Бæстонгуст æнцæ æригон поэти рæнгъитæ, къох бакæнæн сæмæ зин æй.

Фал уæддæр æмдзæвгитæн цидæр нæ фагæ кæнуй. Цума гъуди æгæр игонæй райзайуй, цума рæнгъитæй «зæрди тæгти» зæлтæ æстæн хатт райгъусунцæ. Æ дзурди сæр ци ‘й, уомæн автор айдагъ е ‘ндаг хузæ уинуй. Уингæ дæр зæрди цæститæй нæ кæнуй, фал зундæй. Объекти медæгæй ци ес, уод цæмæй ресуй, е æ цийнæ цæбæл æй, уой рартасуни хъаурæ имæ нæма ес. Еци гъуддаг фæстæдæр æхуæдæр дæр бафеппайдта:

*Æз мæцъисæй цъити-къултæ къахтон…
Фæлæ риуы арф хъуыды хуыссыд,
Æма риуы арф хъуыды хуыссыд,
Æмæ-иу куы айзæлд комы тагъд дон,
Мæй-иу тары компæбын куы ссыгъд,
Уæд мæ фæндты тахтæн æмæ тахтæн…*
(«Æз мæ фæндты тахтæн æмæ тахтæн»)

Нæ рецензийæй Хазби, æнгъæлдæн, хъæбæр арази нæ адтæй. Уой мин Цæрукъати Таймораз дзурдта. Литературон институтмæ ке цудæй, уой дæр фæстæдæр базудтон.

***

Фондз анзей фæсте каст фæцæй институт æма исæздахтæй Иристонмæ. Бустæги лимæн нæма адтан. Уæдмæ Хазби дууæ киунугей автор адтæй, мæнæн ба еу киунугæ дæр нæма рацудæй. Уæддæр æй мæ медзæрди æцæг поэтбæл нæ нимадтон. Æ дуккаг æмбурдгонд «Артдзæст»-и дзæвгарæ исирæзтæй, кæбæл финста, уомæн æй е ‘ндаг менеугутæ хъæбæр нæбал æндавтонцæ, е ‘ргом исаразта медискондмæ, уавæрмæ. Еци медуавæртæ сæйрагдæр ахæссун райдæдта æнкъарæнтæй. Базмалдæнцæ зæрди уедæгтæ. Райдæдта исфæлдистадон эволюци, лæги карæмæ цæуни процесс. Е нуртæккæ уотæ дзорун.

6

***Публицист æма финсæг МУРАСТИ Эльбрус: «Ехх, æ цæсти кæронæй Хазби, бæргæ, ескæцæй ку ракæсидæ, уæд æй фæууинидæ: æ берæ хæлæрттæ абони дæр сæ кеми нæма ‘нцæ. Абони дæр сæ зæрдитæ нæ комунцæ сæ уарзон æмгари æнафони исæфтбæл бауæндун... Цийфæнди зæрдиаг дзубанди ку рауайуй се ‘хсæн, уæддæр еуафони фæгъгъос,***



ДЗАБОЛАТИ Хазби (галеуæрдигæй), ХЪОДЗАТИ Æхсар æма ДЗУЦЦАТИ Эльбрус.

# ÆМГАРИ СОРÆТ

5

Гъæуама ибæл басæттон: уæдта уони нæ лæдæрдтæн. «Гъудийæй мæгургомау рауадæй Хазбийæн е ‘мдзæвгæ «Лæг фæразы йæхи уды рисæн», – финстон мæ еу уадзимиси газет «Рæстдзинад»-и. Æнæргъуди сонт дзубанди! Ци ‘мдзæвги кой кæнун, е кæд естæмæй гъæздуг æй, уæд, фиццагифиццагидæр, гъудийæй!

Фæндзайæймаг æнзти кæрони æма æхсайæймаг æнзти райдайæни мах цалдæр биццеуемæй еци тæвдтог, æнæрцæфæй (уогæ нæбæл цæфтæ æгæрдæр ма уадæй!..) лæгæрстан, нæ зæрди адтæй, литератури хуми амброзий хузæн ка исахид æй, еци хæмпæлгæрдæг бундзарæй исрæдовун. Еу нæуæг киунугæ дæр æнæ рецензийæй нæ уагътан, хестæр-кæстæр не ‘взурстан. Уæди газетти æма журналти мæхе æма ме ‘мбæлтти рецензитæмæ, уацтæмæ ку ‘ркæсун, уæд десæй рамæлун: куд мухур кодтонцæ уæхæн æргом дзурдтæ, уæлдайдæр ба хестæрти туххæй! Нур мæмæ уæлæнгай æма примитивон кæсунцæ (уогæ си ци уадзимистæбæл дзурд цудæй, етæ уой аккаг дæр нæ адтæнцæ – никки цауддæр, æдзæллагдæр), фал сæ дзамани сæ куст бакодтонцæ: формалистон сæрбехъулæнтти, абстракционистти игакæ нæбæл бафтудтонцæ нæ хестæрти «фæрнугдæртæ».

Мæ уæдиккон поэтикон фæлварæнтæй нур мæ зæрдæ бамæгур уй: штамп æма примитиви «хуæцгæ незæй» хе багъæуайкæнуни уодаист фæлварæнтæ, фæнзгæ миутæ, алли рæстæгути æма алли адæмти поэзий фæлгонцти хузтæбæл карст метафоритæ, дзурдбæститæ. Фал мæ федарæй æруагæс кæнуй: етæ еугурдæр гъудæнцæ. Поэзи абони куд лæдæрун, уомæ, ка ‘й зонуй, не ‘рцудайнæ, еци уодæвзарæнти нæ фæррахауæбахауæ кæнгæй.

Хазби ба алкæддæр уæззау зундбæл хуæст адтæй, уæдта Мæскуй ке ахур кодта, уомæ гæсгæ нæ хæццæ ахид не ‘мбалдæй, литературон буцæутæй дæр еуварс лæудтæй. Раст зæгъуй Нафи: «Никто не помнит, когда он пришел в осетинскую литературу, словно он был в ней всегда. Никто не помнит, ибо он пришел, как пахарь к весеннему полю, – работать радостно и основательно». (Хазби Дзаболаты. Обелиск и всадник. Стихи. Издательство Ир». Орджоникидзе. 1970. 99-æм фарс).

Киунугæ «Артдзæст»-и æмдзæвгæ сирддонцъеуи туххæй. Адæми цæстингас æхемæ ка не ‘здахуй, сауæнгæ ма зæрдцъæх дæр кæмæй исунцæ, гъолон миутæ ахур ка нæй, еци минкъий маргъмæ дæр цидæр раппæлуйнаг менеугутæ иссирдта поэт. Уомæн иннæ мæргъти хузæн рæсугъд гъæлæс нæййес, мадта алли фæззæг гъар бæстæмæ дæр нæ фæттæхуй, «цæмæдес цаутæ» си нæ хæссуй. Ка ‘й зонуй, зæгъуй автор, сирддонцъеу къолсæрæй, къæндзæстугæй уомæн кæсуй.

*Æмæ æрмæст уæд бамбæрстон –*
*Æз дурзæрдæ кæй разындтæн,*
*Æмæ фыцаг хатт равзæрстон*
*Æрттиваг тæлм дæ базыртыл…*

Еци «æрттевагæ тæлмæ» бæлвурдбæрæгæй разиндтæй Хазбий исфæлдистади дæр. «Цæмæдес цаутæ» дзорунмæ нæ турнудта е ‘мдзæвгити. Уой фæндадтæй усхъæуæзæй косун, кæдæр хуæнхти бунмæ айнæг фæрстæ куд къæртт кодта, уотæ поэзий æрфитæмæ удоуæлдайæй лæгæрдун.

Цард вазуггинæй, гъолонæй æрбауолæфтæй æ уадзимистæмæ, сæ къабæзти син æцæг тухæ бауагъта: поэт æхе удобæл бавзурста, исфæлдистадон фæлтæрддзийнадæ ‘ й æркодта уæхæн гъудимæ:

*Цас уой ‘лвæстдæр хъистæ,*
*Уыйбæрц тонынц тагъддæр,*
*Фæлæ уыйбæрц искæй*
*Агайы сæ цагъд дæр…*
*(«Зæрдæ! Ды æвдисæн…»)*

Институти фæсте Хазби куста Цæгат Иристони телеуинунади литературон редакций. Æз ба адтæн радиой уацхæссæг. Ахид æмбалдан. Телефонæй имæ ку бадзоринæ, кенæ æхуæдæг ку исдзоридæ, уæд еци кæдзос æма зæрдерухæй райгъусидæ æ гъæлæс: «Гъе, Хуцау дин арфæ ракæна!» Фулдæр хатт нæмæ дзубанди рауайидæ поэзий туххæй. Нæ гъудитæ кæрæдзей хæццæ хæстæг адтæнцæ. Хазби е ‘сæфт уидта, аййевадæмæ пайдай цæстæй ка кастæй, козбау миути фæрци уæхæн поэтæгъндтитæй. «Поэт! Цæстигагуйау гъæуай кæнæ дæ мадæ æма дæ бæдоли, дзиллити рохсдæр монц – поэзий. Дæуæн дæ бон нæй, æрдзæ дин ци радта, уомæй агъазиаудæр искурдиадæ райсун, фал дæ бон æй раст ун, доги æцæгдзийнадæ нæ фæггалеу кæнун. Ма рацо дæ зæрди нихмæ! Цъетейæй игурд æхсæрдзæнæн фæстæмæ цъетей сæрмæ ‘здахæн куд нæййес, уотæ поэзий дæр нæййес зæрди нихмæ цæуæн, æфсæддон лæгæн уæззау тохи тугъдон ардбахуæрд рафæлевæн куд нæййес, уотæ поэзий дæр нæййес царди æцæгдзийнадæ галеугæнæгæн. Æнкъард адæймаги игъæлдзæг ку рахонай, уæд дæбæл некæдбал бауæнддзæнæй, игъæлдзæг адæймаги æнкъард ку рахонай, уæд дæбæл æхенимæри баходдзæнæй. Ду ба дзиллити зартæгæнæг дæ, æма дæ хъæзардæр хæзна æй уони æууæнкæ». Уотæ финста Хазби 1964 анзи «Поэзийы бон»-и. Ниххатир мин кæнæ, мæ кæсæг, мæ лæмæгъзæрдæ, фал мин аци рæнгъитæ мæ кæуун мæ хъурмæ иссæун кодтонцæ: ци раст, ци худзунд æнгарæ, ци нифсхаст, ци цæхæрхалгæ искурдиади хецау фæгъгъудæй не ‘хсæнæй!

***

Хазбимæ е ‘ргомдзурди туххæй кадæртæ хæран дæр фæцæнцæ. Поэзий секций æмбурдтæй еуеми дзурд цудæй журнал «Мах дуг»-и цалдæр номерей туххæй. Хазби карз критикæ кодта, еу-инсæй киунуги ка рауагъта, фал поэзий гъæр ка некæд балæдæрдтæй, уæхæн рацæргæ автори финститæ. Мухур кæми адтæнцæ, еци номер Хазби уæлиау исиста æма загъта:

– Мæнмæ гæсгæ, аци æмдзæвгитæн се ‘дзæллагдзийнадæ æнæ комментаритæй дæр бæрæг æй, байгъосайтæ сæмæ...

Æма кæсун райдæдта. Куддæр кæронмæ рахъæрдтæй, уотæ сæ ниффинсæг (сæ рауадзæг дæр æхуæдæг адтæй – журнали редакци куста) фурмæстæй æхе нæбал бауорæдта æма Хазбий хуæдкъилдунæй уруссагау фæгъгъæр кодта:

– Замечательные стихи!..

Æхе æмдзæвги туххæй цæрæнбонти, æвæдзи, уæхæн «хуæдæфсармæ» дзубанди некæдма неке загъта æма ибæл Хазби дæр æма адæм дæр сæхе ходæгæй рамардтонцæ. Æмдзæвги автор æхебæл фæххуæцуни æма объективон критики бабухсуни бæсти æвæдауцæ æсхъиудитæбæл, федестæбæл исхуæстæй. Еци æнæууилд дзубандитæ æмбурди суагъи фæннисан кæнун гъæуй æви нæ, уой нæ зонун. Бæлвурдæй зонун æндæр хабар (фæстæдæр поэзий секци мæхе бæрни адтæй æма суагъæ мæхе цæститæй фæууидтон): æмдзæвги автор æмбурди ке нæ дзурдта, уæхæн дзубандитæ дæр фегурдæй суагъи – машинкæбæл финстæй дууæ фарсей бæрцæ. Илгъаг æдзæсгондзийнадæ, Хазби æ цубур царди бонти æвæллайгæй æма принципиалонæй ке нихмæ тох кодта, уæхæн цъумур миуæ! Уогæ «нæ тæрхони лæгтæн» е фиццаг хатт адтæй, ести!

***

Æрдæгæуууилд дзубанди некæд неке фегъуста Хазбийæй. Æ дзоруйнаг æхенимæр радзоридæ, уæдта ‘й е ‘мгæрттæ тæрхонмæ хаста уæхæн райдайæни хæццæ: «Рагъудигæнгæй, мæнмæ гæсгæ» æма уотæ идарддæр. Уодхæссæг ин адтæнцæ дзæгъæлцъухтæ, æ дзурдæн бæрцæ ка нæ зудта, етæ. Кæддæр мин ракодта уæхæн хабар (фæстæдæр æй не ‘ннæ æмбæлттæй дæр фегъустон): Литературон институти ку ахур кодта, уæд еу изæр цалдæр æмбалемæй финги уæлгъос бадтæнцæ. Сæ хæццæ фæцæй еу ирон финсæг дæр (Уæлдæр литературон къурситæй).

Фæйнæ цалдæри раниуазтонцæ, уотæ дин нæхердигон финсæг дæргъвæтийнæ таурæхътæбæл ку исхуæцидæ, куд фæззæгъунцæ, донуагъд имæ фæцæй. Финги уæлгъос бадгутæ тухсун байдæдтонцæ, игъосун сæ нæбал фæндадтæй, фал æй куд бауорæдтайуонцæ: хестæр! Уæдмæ бицæутæй еуемæн зæнхæбæл æ гупп фæццудæй. Ниуазгæ мисхали бæрцæ дæр нæ бакодта, фал, мæгур, дзурдмондаг лæгмæ игъосунæй бафæлладæй. Фурфæлладæй дзой-дзой кæнун байдæдта, уæддæр е ‘фсæрми сæрти рахезун æ бон нæ бацæй, игъуста, цалинмæ æ зæрдæ нæ багъар æй æма æд къела уæлгоммæ нæ рахаудтæй, уæдмæ. Еци хабар дзоргæй Хазби ходæгæй басор уидæ. Уотæ зæрдиагæй худтæй, æма æ дзиппæмæ къохмæрзæнмæ нивналун багъæуидæ: фурходæгæй æ цæстисугтæ æруайиуонцæ.

Мæнмæ гæсгæ, Хазбий хузæн зæрдерух, æновуд, æнæнез худт кæнун неке зудта.

***

Ахид æримисун, 1966 анзи сæрди Хазбий хæццæ нæ уолæфуни рæстæг куд æрвистан Курттати коми. Фусунæн равзурстан мæ хæстæг хонхи Карцай цæрæг Датити Мухари. Мухар æма Хазби цубур рæстæгмæ кæрæдзей балæдæрдтæнцæ: дууæ дæр сæ сæйраг гъуддæгутæй уæлдай цауæн кæнунмæ дæр æмхец адтæнцæ. Фадуат син ку фæууидæ, уæд нæ фусуни уæгъдæ нæ уагътан. Хуæнхаг зæнхгусти косæнгæрзтæй райдайæ æма деденгути, кæрдæгути нæмттæй фæууо – нæ хинцфæрститæй нин, ка ‘й зонуй, бафæллайидæ. Мæ уæдиккон блокноти иссирдтон, Мухари дзубандитæй ке нифсфинстон, хуæрунæнбæзгæ зайæгхæлтти нæмттæ æма цæфтæ дзæбæхгæнæг кæрдæгутæ.

Цардан хецæн ути. Цæветтонгæ, косунæн æма фæлладуадзунæн агоргæ æма æнæиссергæ фадуæттæ. Гъæуæн æ

Зундгонд ирон финсæг æма публицист Секъинати Дзæрæхи фурт Владимири райгурдбæл 20 апърели æнхæст кæнуй сæдæ анзи (1921-1985).

***фегуппæг унцæ. Еугурæйдæр æй балæдæрунцæ: сæ рагуалдзæги нифс, сæ цæхæркалгæ æнзти федауцæ нæбал раздæхдзæнæй, æностæмæ рæстæги мегъфæлми ранихъулдæй. Хазбийи хузæн сæ æ фарни дзурдæй ка æрбамбурд кæна, сæ тухст дзамани син сæ зæрдитæмæ рохси цъирт ка бауадза, дуккаг уæхæни Хуцау нæ равардта... »***



тæккæ астæути кæлуй цæстисугæй кæдзосдæр къададон. Æ фæйнæ фарс – гъæдæ: кæддæр ивулд дон фæрви муггæгтæ раласта æма талабæлæстæ гъæунги рахесфарс æнæгъæнæй æрæхгæдтонцæ. Уордигæй лæбурд къахнадбæл фæххæрдмæ кæнæ æма дууæ минуттемæ фестдзæнæ минкъий æрдози.

Æ алливарс æносон толдзитæ, тæгæртæ, тæрситæ хорбон сæ ауæнттæ каухалæнти хузæн сæ буни æркæлунцæ. Сифти ‘хсæнти хор æрзелуй, цума каухалæн-æндзарæнтæбæл арт бафтаунмæ гъавуй. Коми дæллаг фарс – къолаййев уæлхонх будур. Æндæдæр – тарцъæх къохтæ.

Хазби исистидæ боницъæхти. Æртæ сахаттей бæрцæ фæззелидæ къолтæбæл, гъæдти, дони билти, уæдта рæфтад афони фæззиннидæ. Мæн кенæ хуссæни æрбаййафидæ, кенæ дони били мæхе æхснæнгæ. Уарун бони дæр коми гъæбесмæ рандæуидæ. Кæсалгæ, дан, уæхæн рæстæг æнцон ахæссæн æй: дон æзмæнст фæууй æма адæймаги нæ феппайуй.

Аст сахаттебæл адтан нæ кусти уæлгъос. Æз еудадзуг бадтæн дони билæбæл. Тохгæ хуссæн мæ хæццæ рахæссинæ, бæласи буни ‘й байтауинæ æма ибæл рæстæгæй-рæстæгмæ мæхе æруадзинæ, кастæн киунуги. Хазби дæр æрбунат кæнидæ минкъий дæлдæр, кæрæдзей куд нæ хъор кодтайанæ, уотæ. Кенæ исхезидæ уæлхонх будурмæ. Изæрмелти кæрæдзей рафæрсианæ, æ бон ка куд рарвиста, уомæй. Æ куст æ зæрди фæндæуагæ ке нæ цæуй, уой туххæй мин Хазби цалдæр хатти рагъаст кæнидæ. Ка ‘й зонуй, æ фурхуæдæфсармæй уотæ дзурдта.

* * *

Кæддæр мæ баййафта Лорки киунугæ кæсгæ. «Тæккæ фулдæр си уарзун Маринæ Цветаевай тæлмац гитари туххæй», – загъта Хазби æма дзорун райдæдта:

*Начинается*
*Плач гитары.*
*Разбивается*
*Чаша утра.*
*Начинается*
*Плач гитары.*
*О, не жди от нее*
*Молчанья,*
*Не проси у нее*
*Молчанья!*
*Неустанно*
*Гитара плачет,*
*Как вода по каналам – плачет,*
*Как ветра над снегами – плачет,*
*Не могли ее*
*О молчанье!*
*Так плачет закат о рассвете,*
*Так плачет стрела без цели,*
*Так песок раскаленный плачет*
*О прохладной красе камелий,*
*Так прощается с жизнью птица*
*Под угрозой змеиного жала.*
*О, гитара,*
*Бедная жертва*
*Пяти проворных кинжалов!*

Æз еци ‘мдзæвгæ уой размæ нæ кастæн æма бадес дæн. Иссирдтон æй æма ‘й еци бон æнæ киунугæмæ кæсгæй дзорун базудтон. Хазбий тæвагæй!

***

Еууæхæни мæ тохгæ хуссæн мæ хæццæ хæссунмæ базийнадæ кодтон. Зæронд бæмпæггун мæ дæларм ракодтон æма фæрвгунмæ фæрраст дæн. Хазби исхизтæй галеуварс цъопмæ. Устур толдзи бунмæ æрбадтæн. Рæфти уæнгæ цидæртæ фæффинстон, уæдта мæ хуссæг æ буни искодта. Бæмпæггун дзæбæхдæр байтудтон æма фæзæбæл æрхустæн. Æваст тæгæрфунæй радæн. Еуафони мин мæ галеу цонги тæккæ фæттасæн цидæр нихсилкъæ кодта. Фегъал дæн. Армитъæпæн æхегъдауæй æркъæрцц кодта бæгънæг цонг. Мулдзуг тумбулæй æрзилдæй бæмпæггунмæ. Хуссæгигъæлдзæгæй имæ рамæстгун дæн, фунæй кæнун мæ ке нæ бауагъта, уой туххæй. Ракæститæ кодтон мæ алливæрсти, æма, ци рауидтон, уой дессагæй уайтæккæ мæ зæрдæ ниссæххæтт кодта: мæ уæргути рази рауидтон хелагæ. Е ‘ргом – мæнæрдæмæ. Къахдзæфи бæрцæ ма ин байзадæй. Фуртæсцæй æваст фæггæпп кодтон.

Иуазæг æ бунатæй не ‘змæлуй, айдагъдæр зинна-нæзинна æ сæр фæхъхъел кодта. Катайгæнгæ агорун, цæмæй æй ниццæвон, уой. «Дорæй имæ æвналæн нæййес – кенæ ибæл исуайдзæнæй кенæ нæ...» – фегурдæй мæ сæри. Хелагæй мæ цæстæ нæ есун, уотемæй агорун. Фæстагмæ иссирдтон, метр æма



*Хазби, æ цардæмбал Люся, сæ кизгуттæ Нелли æма Маринæ.*

æрдæги дæргъæн ка адтæй, уæхæн лæдзæг. Æ кæронбæл цубур сагелæ. Хелагæ æ бунатæй не ‘змæлуй, ниццавддор æй. Сагелæй ин æ сæр райахæстон. Цæмæндæр æй æскъæфунвæндæ дæр нæ кодта. Нилхъивтон æй хорбун гæмæхмæ. Искатай æй, лæдзæгбæл исæздухститæ ‘й. Ниммардæй, е ми ку баруагæс æй, уæд æй надмæ рахастон. Уæлхонхæй нæмæ дæлæмæ кæсуй Хазби. Уæдта сабургай мæ размæ æхе æриста. Æркæститæ кодта хелагæмæ æма еци уæзбунæй загъта:

– Цæмæн æй рамардтай? Еске-ма боргъос хелагæмæ æвналуй?..

– Боргъос æй, сауъгъос æй, уомæн æз неци зонун – хелагæ адтæй æма ‘й ниммардтон, – бахъур-хъур кодтон æз, уæдта ин хабар лæмбунæгдæр радзурдтон.

Тухстæн мулдзуги исæфтбæл. Фидтæлти æмбесонд æ сæр баййафта, мæгур: «Хуарз ма ракæнæ æма фуд ма иссерæй».

***

Хазбий æртиккаг киунугæ «Къахуынæр»-и (1967 анз) ци æмдзæвгитæ ес, уонæй беретæ райгурдæнцæ Карцагоми мæхе цæстити рази, дзæбæх син зонун сæ ратадзæнтæ, сæ ниффинсунæн ци цау, ци фембæлд, ци дзубанди фæййагъаз æй, етæ. «Къахуынæр» æз нимайун поэти исфæлдистадон æскъуæлхти райдайæнбæл, уомæ гæсгæ гъæуама лæмбунæгдæрæй ракæнон е ‘мдзæвгитæй цалдæрей кой.

Еци бон ба Хазби иннæ хæттити хузæн сæумæраги цидæр æрбацæй (ахид ин æ рацуд зонгæ дæр нæ бакæнинæ). Е ‘рбаздæхунмæ æз дæр исистадтæн, мæхе æхснæнгæ мæ æрбаййафта.

– Аци бон дессаг фæууидтон, – цæмæдесæй, фал æ цийнæ уорамгæй, райдæдта е. – Гъæди фæрразелæ-базелæ кодтон, уæдта мæнæ æрдозæмæ ку æрбахъæрттæн, уæд дин саг мæ размæ ку фестидæ...

Мæнæй фиццаг хъæбæр не ‘руагæс кодтонцæ æ дзубандитæ (цауæйнонтæ æма кæсалгахæсгутæ сæхебæл аллихузон хабæрттæ ке æримисунцæ, уой хуарз зудтон, фал гъуддаг сæрæй бунмæ ку радзурдта, уæд ибæл æууæдун байдæдтон):

– Мæн ку рауидта, уæд бæласи сифтæр телгæ æ медбунати бандзуг æй, мæ цæститæмæ мин кокоммæ кæсуй. Æ раззаг къах зæнхæбæл æртъæпп кодта, æвæдзи, мæ тæрсун кодта, уæдта мæнæрдæмæ цалдæр къахдзæфи ку æрбакæнидæ. Мæхебæл нихххуæстæн. Саг æваст фæллæудтæй æма дæлдæр ниуудæй. Нæуæгæй бабæй æрлæудтæй, кæсуй мæмæ. Уæдта бæлæсти ауони фæцæй...

Цалдæр боней фæсте мин Хазби бакастæй е ‘мдзæвгæ «Сæгуыт». Айдагъ хабар æхуæдæг дæр деси бафтауй адæймаги, фал си тæккæ хъæбæрдæр мæ зæрдæбæл бадардтон фæстаг рæнгъитæ:

*Фæлæ тæрсын…*
*Нæ нæм фæци гæрзтæ,*
*Æмæ хъуызынц кæрæдзийы фæстæ*
*Мæ зæрдæйы фæсмон æмæ æхсызгон.*

Бæлвурд психологон фæззелæн. Поэт æ зæрди нихмæ нæ рацудæй, æхе бахизта мæнгæ хатдзæгæй.

Еци бонти адтан Фиййагдони дæр, исæздахтан Цимитимæ. Дессаги хуарз фусун нин разиндтæй Гаппуати Хадзибекир. Æ хуæрæ Гадизæт нин уайтæкки сæ царви ка накæ кодта, уæхæн тæнцъарæ цихтгунтæ ракодта. Уæдта тургъæмæ нæхе райстан. Æз сувæллæнтти хæццæ дзубандитæбæл фæдтæн. Хадзибекир æма Хазби ба мæсгутæ æма дзæппазтæмæ уинæг рандæнцæ. Ку æрбаздахтæнцæ, уæд мин Хазби æ цийнæ нæ римæхсгæй хабæрттæ ракодта. Мæсгутæй, дан, еуебæл ес агъазиау къохвæд, мæ армитъæпæнæй, дан, дууæ хатти устурдæр æй. Уæлдай дес ба, кодта мæсгути дуæрттæн толдзæ къума адтæй, зæгъæ, ку фегъуста, уæд. Æз дæр катаййи бацудтæн, æма, автограф кæбæл адтæй, еци мæсуг уинунмæ рандæ дæн. Æцæг дессаг адтæй – бахезæни тæккæ фарсмæ къирæзмæнсти уæле бæрæг дардта агъазиау армитъæпæн æма æнгулдзити фæд. Уæхæн къохæвæрд ес дзæппазтæй еуебæл дæр.

Цимитимæ балций фæсте Хазби ниффинста æмдзæвгити æнæгъæнæ цикл «Хæхбæсты фарн». «Ис ахæм лæг хæхты», зæгъгæ, еци æмдзæвги исаразта кæрдзиндæттон, парахатзæрдæ хуæнхаг лæги фæлгонц. Фал æмдзæвгæ финсгæй поэтæн æ гъудий Гаппуати Хадзибекир адтæй. Уони хæдзари ке фæууидта, еци хузтæй еуæй-еуетæ иссерæн ес æмдзæвги. «Фыдæлтон сыкъайы дын рахæсдзæн нуазæн». Аци рæнгъæ кæсгæй мæ зæрдæбæл æрлæууй æцæг хабар. Хадзибекирмæ фæууидтан, æ фиди фидæй ин ка байзадæй, уæхæн тегъгун агувзæ, цæуй си… литри æрдæгмæ хæстæг. Фæстæдæр ма уой тæккæ хузæн агувзæ фæууидтон Ленинградi, «Сæрдыгон цæхæрадон» ке хонунцæ, уоми музейи. Петр I, дан, æ дæлбарæ адæмæй еске естæмæй ку фæффудгин уидæ, уæд ин иварæн еци агувзæй идзаг уруссаг арахъ ниуазун кодта. «Фæдзурдзæн дын номгай æнæсгæрст къуыбыртæ, æрисдзæн дын мæсгуыты тулдзын гуыдыртæ, фæкæндзæн дын таурæгъ æнæном лæгæтыл, æнаххос уды маст, хъайтары мæлæтыл…» Æцæгæйдæр нин фусун нæ фидтæлти цард æмæ тохи туххæй берæ хабæрттæ фæккодта.

Фæстæдæр Хазби ахид æримисидæ еци балци.

***

Мухарæн Хъæреуи хуæнхрæбунти еу къупп, еу рауæн дæр æнæсгæрстæй нæ адтæй. Уой базудтан, æ хæццæ цауæни ку рандæ ан, уæд. Нæ балци рæйдæдта, нæма æрбарохс æй, уотæ. Кæстæр дæ, зæгъгæ, мин ме ‘фцæкъуати дууæ цауæйнон топпи æма еу фæндзæхстон æрауигътонцæ. Мухар гъæди хæдзаради ‘хсæвгæсæй куста æма фæндзæхстон уордигæй рахаста, уотемæй, дан, арсбæл ку фембæлæн). Мадта мæбæл фæндаггæгти дæр «бауæндтæнцæ».

Хæрдти æма урдугти еу-цуппар сахаттей бæрцæ фæццудан. Еуæй-еу рауæнти кæрдæг уæргутæмæ хъæрдтæй, думги уолæнтæ ибæл фæд-фæди цудæнцæ æма æ хузæ райиевæ-байиевæ кодта. Е ‘хсæнæй сæ сæртæ исдариунцæ аллихузон деденгутæ. Сæ карз тæф ратайидæ цъæх-цъæхид сатæг уæлдæфи, сæр си зилдæй. Фæллайгæ дæр куд нæ бакодтон, фал исдзорун ка ‘ндеуй: еуемæй хестæр æй нæ надамонæг, иннемæй Хъæреумæ исхезуни фæндæ нæхецæй рацудæй.

***(Уодзæнæй ма).***

**Игъустгонд æхсæнадон архайæг, финсæг æма публицист Цæголти Михаили фурт Геуæргий райгурдбæл æнхæст кæнуй дæс æма авдинсæй анзи (1871-1939).**

***Еумæйаг паддзахадон фæлварæн æнæгъæнæ бæсти дæр рацæудзæнæй еци-еу рæстæг. Хецæн регионти æмгъудтæ æндæр рæстæгмæ раййевунбæл дзубанди нæ цæуй. Фæлварæн сæйраг дæр рæстæг куд нисангонд цæуй, уотемæй райдайдзæнæй 31 майи географи, литературæ æма химибæл фæлварæнтæй.***



**Дзæуæгигъæуи 44-аг астæуккаг скъола ӕдзард æхсаргин афицер КУДЗОЙТИ Владимири ном ке хæссуй, уомæй æй сæрустур, уæдта архайуй бæгъатæри номи аккаг арфиаг гъуддæгутæй æскъуæлхунбæл. Фиццагидæр ба ирæзгæ фæлтæрти патриотон гъомбæлади.**

# «АХУРДЗИЙНАДÆ ДÆ МÆСУГИ СÆРМÆ ЕСУЙ!..»



**БИТАРТИ Вячеслав æма ахургæнгути конкурси уæлахездзау СЛОХАТИ Розæ.**

## АХУРГÆНÆГИ ЦИТГИН КÆНУНÆЙ ÆХСÆНАДÆ ÆХЕ КАДГИН КÆНУЙ...

Æрæги исбæрæг æнцæ педагогон дæсниади еугурадæмон регионалон конкурс **«Анзи ахургæнæг»**, **«Педагогон дебют»** æма **«Анзи гъомбæлгæнæг»**, зæгъæ, номинацити уæлахезонтæ. Мадзал арæзт цæуй нæ республики ахурадæ æма науки Министради хъæппæресæй. Конкурсæн бундор æвæрд æрцудæй дууæ анзей размæ, æма, кæд нерæнгæ цубур рæстæг рацудæй, уæддæр бæрзонд цæстиварди иссæй ахуради къабази. Уобæл дзорæг æй айдагъ е дæр, æма æ архайгути нимæдзæ минкъий нæй.

Аци анз конкурси архайдтонцæ 87 ахургæнæги нæ республики алли районемæй. Сæ зонундзийнæдти æмвæзадæ сæ еугуремæн дæр æй бæрзонд, фал си уæддæр ахурадæ æма науки Министрадæ уæлдай фулдæр аргъ кæмæн искодта, еци уæлахездзаутæн æрæги Дзæуæгигъæуи сувæллæнтти исфæлдистади республикон Галауани лæвæрд æрцудæй Кади гæгъæдитæ, дипломтæ æма æхцай сертификаттæ.

Кæронбæттæни мадзали архайгæй Цæгат Иристони Сæргълæуууæг Битарти Вячеслав зæрдиаг арфæ ракодта конкурси еугур архайгутæн дæр æма зæрдиагæй уой дæр баханхæ кодта, æхе царди æма алли рæстæги дæр ахургæнæг куд асхгиаг æма кадгин адтæй æма нерæнгæ дæр ма ’й. Æ радзубандий загъта:

– Ахургæнæги кустæн аргъ искæнун зин æй, уомæн æма ирæзгæ фæлтæри гъомбæлади е ци фудæбон кæнуй, сувæллони раст надбæл исæвæруни гъуддаги æ хъæуритæ, æ зонундзийнæдтæбæл куд нæ ауæрдуй, еци æскъуæлхтдзийнадæн æмбал нæййес. Абони берæ арæзт цæуй нæ республики нæуæг скъолатæ æма рæвдауæндæнттæ, æндæр социалон объекттæ, фал профессион æгъдауæй цæттæгонд кадртæ ку нæ уа, уæд еци нæуæг скъолатæн сæ ахедундзийнадæ дæр æмбæлгæ уавæри нæ уодзæнæй. Нæ республики разамунд архайуй, ахургæнгутæн агъази мадзæлттæ æма сæ иннæ фарстатæ æнхæст кæнуни гъуддæгутæбæл. Уой туххæй ес сæрмагонд паддзахадон программитæ. Конкурси еугур архайгутæн дæр лæвæрд æрцудæнцæ нæ республики ахурадæ æма науки Министради кадгин дипломтæ æма гæгъæдитæ.

Æхцай сертификат 200 мин соми æма фатер фиццаг бунатæн райста Дзæуæгигъæуи 38-аг скъолай ахургæнæг **Слохати Розæ**; æхцай сертификат – дуккаг бунатæн (300 мин соми) исаккаг кодтонцæ Дзæуæгигъæуи физикон-математикон лицейии ахургæнæг **Бибуати Татьянæн**. Æхцай сертификат æртиккаг бунатæн (200 мин соми) ба лæвæрд æрцудæй Дзæуæгигъæуи 14-аг скъолай ахургæнæг **Остъати Хетæгæн**.

Аци æхцæуæн цауи фæдбæл мæ дзубандий кæронбæттæни ма уой зæгъуйнаг дæн, æма цæйбæрцæбæл хуарз æй, æгайтима нæ республики ахуради къабази æнтæстгиндæр косгутæн кадæ кæнуни туххæй нисангонд æрцудæй ауæхæн арфиаг мадзал. Дзубанди дæр ибæл нæййес, берæ, хъæбæр берæ нæмæ ес, нæ кæстæрти гъомбæлгæнгутæй уомæй исцитгин кæнуни аккаг ка ’й, уæхæнттæ. Лæдæрæн уой дæр, æма еци-еу рæстæг сæ еугурей исцитгин кæнуни равгæ нæййес. Фал нæ зæрдæ дарæн уобæл, æма сæ рæстæги кадæгонд æрцæудзæнæнцæ.

## НÆУÆГ СКЪОЛАТÆ – АХУРАДИ РАЙРÆЗТÆН НÆУÆГ РАВГИТÆ

Нæ республики ахуради къабази ци берæ зæрдæмæдзæугæ æййивддзийнæдтæ фæззиндтæй, уонæн сæ агъазиаудæртæй е æй, æма нæмæ арæзт цæуй нæуæг скъолатæ, берæ рауæнти ба бундоронæй исцалцæг кодтонцæ скъолати раздæрикон азгъунститæ. Е æхцæуæн куд нæ уодзæнæй ахургæнгутæ æма ахурдзаутæн дæр, уæдта нийййергутæн дæр.

Евгъуд къуæрей уæхæн æхцæуæн цаубæл зæрдиагæй бацийнæ кодтонцæ Дзæуæгигъæуи 44-аг астæуккаг скъолай ахурдзаутæ æма ахургæнгутæ. Се скъоламæ бафтудæй никкидæр ма еу бæстихай – филиал. Е арæзт æрцудæй паддзахадон программæ «Ахуради» бундорбæл. Скъолай ес бунæттæ 550 ахурдзауемæн, æнхæст æй нуриккон техникæ æма æнтæстгин ахурæн еугур фадуæттæй дæр.

Æртæуæладзугон бæстихаййи арæзт æрцудæй 34-35-аг микрорайонти цæргутæн. Уомæн æма сæйраг бæстихаййи бунæттæ нæбал фагæ кодтонцæ. Аци скъола сахари нимад цæуй хуæздæрбæл. Хæссуй, æ рауагъдон ӕдзард бæгъатæр тугъдон **Кудзойти Владимир** ном. Æхсаргин афицер фæммард æй Цæцæни тугъди 90-аг æнзти, æма ин æ кадгин ном исаккаг кодтонцæ, кæми ахур кодта, æ бафæнзуйнаг уодиконд кæми исфедар æй, еци ахургæнæндонæн.

Скъолай нæуæг хай байгон кæнуни фæдбæл цитгин мадзали архайдта нæ республики Сæргълæууæг **Битарти Вячеслав** æма зæрдиаг арфитæ ракодта скъоладзаутæ æма ахургæнгути коллективæн, æ сæргъи директор **Цуцити Татьянæ**, уотемæй.

– Нæ республики фæстаг æнзти берæ объекттæ арæзт цæуй. Уонæн сæ тæккæ ахсгиагдæртæ ’нцæ скъолатæ æма рæвдауæндæнттæ. Аци скъолати азгъунститæ игонгонд æрцæудзæнæнцæ Цæликки, Хъизлари æма Черменигъæуи. Цæликки скъола адтæй бустæги ӕдзæллаг æма тæссаг уавæри. Гъæуи цæргутæн зæрдæ байвардтан, нæуæг скъола син ке исараздзинан. Æма нæ дзурд исæнхæст кодтан. Уомæй уæлдай нæуæг скъолати арæзтадæ райдайдзæнæй станицæ Черноярский. Æ бунати ци зæронд скъола ес, уордигæй рацудæнцæ берæ зундгонд адæймæгутæ. Æ рауагъдонтæ иссæнцæ тугъдон æма æфсæддон разамонгутæ, Уæрæсей паддзахи дзамани æфсади инæлартæ. Уомæ гæсгæ, станицæ Черноярский скъолай раздæри бунати арæзт æрцæудзæнæй музей.

Скъолати ефтонггади фарста хаст цæуй национ проекттæмæ æма ефтонггонд цæудзæнæнцæ еугур гъæугæ мадзæлттæй дæр. Уомæй уæлдай ма идарддæр игонгонд цæудзæнæнцæ районти дæр кванториумтæ. Фал гъæунцæ ахуради къабази нуриккон домæнтæмæ гæсгæ æ куст аразунмæ ка арæхса, уæхæн косгутæ. Уомæ гæсгæ нæмæ арæзт æрцудæй сæрмагонд къуар, кæций ихæс æй нæ республики ахуради ирæзтæн программæ исаразун, æма еугур гæнæнтæй дæр ахуради фарстатæ бæрзонддæр æмвæзадæмæ ракæнунбæл байархайун.

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».**

**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службi Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæрей еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№822.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 14.04.2021.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**

**Использование материалов допускается только с разрешения редакции. При перепечатке ссылка на газету «Дигора» обязательна.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**

**Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

**Ответственность за опубликованные материалы, рекламу и объявление несет автор.**